

BAHASA DAERAH SD

UJIAN SEKOLAH (US)

TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023



SDN CIBULUH 4

KECAMATAN BOGOR UTARA

KOTA BOGOR

2023

BAHASA DAERAH SD

MATA PELAJARAN	
Mata Pelajaran	: BAHASA DAERAH
Jenjang	: Sekolah Dasar

WAKTU PELAKSANAAN	
Hari / Tanggal	: Sabtu / 08 April 2023
Jam	: 09.00 – 12.00

PETUNJUK UMUM
1. Isikan identitasmu ke dalam Lembar Jawaban Latihan SAS (LJLSAS) yang tersedia sesuai petunjuk ! 2. Berilah tanda silang (X) pada pilihan jawaban A, B, C, atau D yang dianggap benar pada LJSAS Pilihan Ganda ! 3. Kerjakanlah sesuai perintah soal! 4. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum menjawabnya ! 5. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak atau tidak lengkap ! 6. Jumlah soal sebanyak 30 butir, soal pilihan ganda no 1 s.d 25 7. Tersedia waktu 60 menit untuk mengerjakan tes tersebut. 8. Periksalah pekerjaanmu sebelum diserahkan kepada pengawas ujian ! 9. Lembar soal tidak boleh dicoret-coret !

SELAMAT MENGERJAKAN

NAMA:

NO.URUT:

I. PILIHAN GANDA

Pilih huruf A, B, C, atawa D dina jawaban anu paling bener, isi jawaban dina kolom anu tersedia!

Baca dina jero hate!

Bacaan ieu pikeun ngajawab soal nomer 1-3

WISATA ALAM SITU LEUTIK

Situ Leutik mangrupikeun tempat wisata situ (talaga) andelan Kota Banjar anu pernahna aya di Desa Cibeureum, Kecamatan Banjar, Kota Banjar, Jawa Barat.

Kaayaan alam di sabudeureun Situ Leutik masih alami sabab aya hutan lindung di sabudeureunna. Anu jadi andelanna nyaéta alamna anu éndah, hawana anu seger, asri tur tenang. Kiwari kaayaan tempat wisata robah jadi leuwih éndah ku dibangunna tempat-tempat pikeun liburan, diantarana nyaéta taman, gazebo, jogging track, tempat nguseup, parahu, sewa sapedah, jeung spotselfi.

Di Situ Leutik oge aya tempat kulinér anu nyadiakeun rupa-rupa kadaharan. Fasilitas sejenna nu leuwih penting nyaéta musholla lengkap jeung alat sholatna saperti mukena, sarung, sarta tempat wudluna. Tempat parkir anu lega, oge saung-saung gazebo anu bisa digunakeun pikeun 10-15 urang.

Perjalanan ka situ leutik cukup 15-20 menit ti pusat kota Banjar. Biasana poé Saptu atawa Minggu Situ Leutik ramé ku warga anu ngadon olahraga ngasuh barudak pikeun liburan, atawa botram jeung kulawarga.

Pamaréntah Kota Banjar terus ngabebenah Situ Leutik kalayan harepan jadi tempat wisata alam anu merenah pikeun warga. Kakayaan alam “situ jeung hutan lindung” katut pangeusina mémang bisa baé dimangfaatkeun pikeun kapentingan pariwisata. Anu penting mah dijaga kabersihanna, henteu ngaganggu jeung ngarobah fungsina salaku situ atawa talaga.

1. Naon judul bacaan di luhur?
 - A. Wisata Situ Leutik
 - B. Situ Leutik nu Éndah
 - C. Wisata Alam Situ Leutik
 - D. Situ Leutik Cibeureum
2. Di mana pernahna tempat wisata Alam Situ Leutik?
 - A. Desa Kujangsari Kecamatan Langensari Kota Banjar
 - B. Desa Karang Panimbal Kecamatan Purwaharja Kota Banjar
 - C. Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
 - D. Desa Cibeureum Kecamatan Banjar Kota Banjar

3. Naon nu jadi andelan tempat Wisata Alam Situ Leutik?
 - A. Alamna anu éndah, hawana anu seger, asri tur tenang.
 - B. Situna lega, fasilitasna cocok pikeun liburan.
 - C. Di Situ leutik Aya rupa-rupa tempat kulinér.
 - D. Tempat Wisata Alam Situ Leutik gratis
4. Jalma nu sok tunggal teunggeul disebutna
 - A. Hampang leungeun
 - B. Lesang kuras
 - C. Laér gado
 - D. Hampang birit
5. ... ku beunghar, juragan Ucup unggal poé daharna di mall.
 - A. Bakateun
 - B. Bakatna
 - C. Bakating
 - D. Bakatkeun

Bacaan di handap ieu pikeun ngajawab pananya nomer 6-8!

Wahyu Wibisana téh kaasup pangarang Sunda anu loba icikibung dina rupa-rupa widang kagiatan kabudayaan. Lahir di Cisayong, Tasikmalaya, 19 Januari 1935. Kang Wahyu, kitu nelahna di kalangan pangarang Sunda. Kang Wahyu dilélér “Anugrah Budaya” ti pamarentah Kota Bandung lantaran jasa-jasana dina widang kabudayaan.

6. Di mana jeng iraha Wahyu Wibisana dilahirkeun?
 - A. Cisayong, Tasikmalaya, 19 Januari 1935
 - B. Cisayong, Tasikmalaya, 19 Juli 1935
 - C. Cibeureum, Tasikmalaya, 19 Agustus 1935
 - D. Cineam, Tasikmalaya, 19 Januari 1935
7. Kang Wahyu icikibung dina rupa-rupa widang kagiatan
 - A. Olahraga
 - B. Kabudayaan
 - C. Kasenian
 - D. Kaagamaan
8. Penghargaan naon anu kungsi katarima ku Kang Wahyu lantaran jasa dina widang kabudayaan?
 - A. Hadiah Rancage
 - B. Anugrah Budaya
 - C. Piala Citra
 - D. Adipura
9. Conto kalimah pagawéan anu merenah di handap ieu nyaéta
 - A. Tangkal awi dituar ku bapa
 - B. Kembang mawar dicéboran unggal poé ku Siti
 - C. Adit juara badminton tingkat kota
 - D. Zahra keur sasapu di buruan

10. Babasan **gurat batu** hartina nyaéta
 A. Hésé dititah
 B. Mawa karep sorangan
 C. Teu boga pangalaman
 D. Babari ceurik
11. Komputer téh salahsahiji ... anu penting pikeun diajar teknologi informasi.
 Lengkepan kalimah di luhur ku istilah globalisasi anu merenah!
 A. barang
 B. akses
 C. teknologi
 D. fasilitas
12. Pangaruh positif globalisasi nyaéta
 A. Ningkatkeun pergaulan
 B. Gampil meunang informasi
 C. Informasi anu henteu tersaring
 D. Seueur niru laku lampah awon
13. Anu kaasup angkutan tradisional nyaéta



A.



B.



C.



D.

14. Baheulamah ka Mekah téh kana ..., teu cara ayeuna kana
Lengkepan kalimah di luhur ku istilah teknologi anu merenah!
 A. mobil, kareta
 B. beus, kapal udara
 C. parahu, helikopter
 D. kapal cai, kapal udara

Titénan paguneman di handappikeun ngajawab pananya no.16-17!

Éni : Jadi naon atuh ari kadaharan asli urang sunda khususna urang Tasik téh?

Nia : Nya ari kadaharan urang sunda nu terkenal di daérah Tasik mah saperti tutug oncom jeung kupat tahu.

Lia : jeung pais lauk atawa pais oncom meureun nya?

Nia : Tah enya éta, sarupaning papaisan?

Éni : Ari galéndo kadaharan khas mana?

Nia : Galéndo mah kadaharan khas Ciamis. Biasana dijieun dagé atawa galécok nyaéta galéndo coklat.

Lia : Aya deui nu disebut rangicok, éta mah kadaharan khas kota Banjar.

Éni : Oh, kitu nya kuring mah can pernah ngadahar galécok jeung rangicok.

15. Naon eusi paguneman di luhur!
A. Kadaharan asli betawi
B. Kadaharan tradisional
C. Kadaharan terkenal
D. Kadaharan asli urang sunda
16. Kadaharan khas anu asalna ti kota Banjar nyaéta?
A. Galéndo
B. Rangicok
C. Tutug oncom
D. galécok
17. Paribasa *halodo sataun lantis ku hujan sapoe*, hartina nyaéta
A. Hadé tingkah laku jeung hadé omongan
B. Kahadéan anu loba leungit ku kagoréngan anu saeutik
C. Anu hadé kasilih kunu goréng
D. Kababawa ku batur anu nyieun kasalahan

Titénan potongan biantara di handap pikeun ngajawab pananya no. 18-19!

Para wargi sadayana.

Kanggo murangkalih sakola, pangaweruh kana katuangan anu beresih tur séhat téh kalintang peryogina. Utamina kanggo nu resep jajan, komo deui upami jajanna sambarangan. Ari margina kiwari seueur kacarioskeun jajanan anu ngandung **formalin** sareng **zat pewarna**.

Katingalna mah saé, pikaresepeun, pikabitaen, nanging saleresna mah ngandung bibit panyakit.

Anu mawi simkuring umajak ka sadayana, utamina ka rereancangan sami-sami murid sakola, hayu

18. Naon eusi biantara di luhur?
A. Jajanan nu ngandung formalin sareng zat pewarna
B. Katuangan anu pikabitaen
C. Rupa-rupa jajanan bersih tur séhat
D. Peryogina pangaweruh ngeunaan katuangeun nu beresih tur sehat.
19. Kalimah anu merenah pikeun nuluykeun biantara di luhur nyaéta
A. urang sami-sami nebihan jajan sambarangan
B. milari jajanan anu matak wareg jeung énak
C. jajan sambarangan asal murah jeung wareg
D. milari jajanan anu alus rupana pikabitaen.
20. Kaulinan barudak sunda bari kakawihan jeung leungeuna nyeukeul taktak nuturkeun parentah kawih disebut kaulinan
A. Boy-boyan
B. Oray-orayan
C. Sapintrong
D. Olé-olé satép

21. Kaulinan dina gambar ngaranna nyaéta
- Boy-boyan
 - Ucing sumput
 - Bebentengan
 - Oray-orayan



22. Cingciripit tulang baging kacapit
Kacapit ku bulu pare
Bulu pare seusekeutna
Jol pa dalang mawa wayang
Jekjeknong

Aya sabaraha padalisan kakawihan di luhur?

- 4
- 6
- 5
- 7

Sajak ieu pikeun ngajawab nomer 23-25

Tingali hejona gunung..
Taya kakirangan,kugenah
Sawah-sawah nu ngajajar

Angin nyeot nyiuman tatangkalan
Tur nyiuman hate nu nalangsa

Tingali lautan anu ngahampar
Taya ancaman,repeh-rapih

Ombak ngaguruh silih udag
Angin nyeot nyiuman ombak
Anu nyieun anteng ka diri urang

23. Judul nu merenah pikeun sajak di luhur nyaéta
- Panon poe
 - Hiliwir angin
 - Éndahna alam
 - Lembur kuring

24. Sabaraha bait sajak di luhur?
- 3
 - 2
 - 4
 - 5

25. Harti kecap kugenah nyaéta
- bungah
 - goreng
 - ngeunah
 - alus

